

Bay Tete, Se Pi Bon Chwa!





Benefis pou timoun:

- Bon nitrisyon.
- Pwoteksyon pou enfeksyon.
- Pwoteksyon pou maladi nan vant, nan poumon, nan zórèy.
- Li fasilite bon dijesyon.
- Li fe bebe atache avek manman l, li fe li genyen yon sans sekirite ave l.
- Mwens risk pou pran maladi.
- Li pemet dan timoun nana n sante.
- Li ede zo timoun nan fome.
- Timoun ou pli entelijan.



Benefis pou manman:

- Ede ou pa pedi anpil san apre akouchman.
- Ede ou pa gen kanse nan tete ak nan ové ou.
- Li fe ou gen plis ke kontan e lajwa.
- Atachman avek ti bebe a.
- Bay tete pi fasil ke prepare yon bibon.
- Li gratis! Ou pa bezwen achte manje pou ti bebe ou!

“

Ou dwe bay tete selman jiska timoun nan gen 6 mwa, le ou ajoute manje, kontinye bay tete!

”



Atachman

Li se yon aksyon emosyonèl ki pèmèt ou etabli yon kosyon byen bonè ant manman e pitit la.

Chak manman genyen kapasite pou fome yon bon kosyon ave timoun li, sa pral pemet timoun nan santi li atache avek manman l, epi ap yon relasyon ki pral kontinye afekte tout res lavi timoun nan.

Se konsa, li enpòtan pou nou fome yon bon relasyon pandan ou bay tete. Yon fason pou fome relasyon sa, se pou pale ave bebe a pandan ou ap bay li tete, chante, manyen ko li, fe l pran sant ko ou.



www.lecheparahaiti.ci

Bay Tete, Se Pi Bon Chwa!